

Inyobozo ku bantu bicandagishije neza bihagije



Ufatwa ko wicandagishije neza bihagije indwi 2 inyuma ya doze ya nyuma y'urucanco rwa COVID-19.

Incanco za doze zibiri: Indwi 2 inyuma yo guterwa ubwa kabiri (ukeneye guterwa kabiri kugira ukingirwe bikwiye).
Urucanco rwa doze imwe: Indwi 2 inyuma yo guterwa (ukeneye guterwa rimwe kugira ukingirwe bikwiye).

Gukingira abandi gushika aho abantu benshi baronka amahirwe yo gucandarwa, hashobora kuboneka ibihe aho uba ugikeneye kwirinda.

Mugihe wicandagishije bihagije:



Ushobora gutemberera hagati munyubako kandi wegereye abandi bantu bamaze gucandarwa, ata madidane yo gushobora gutuma umuntu agwara.



Ushobora gutemberera umuntu afise inzitizi nke kandi ataracandarwa, utambaye agapfukamunwa canke ukutegerana.



Ntutegerezwa gushirwa aha wenyene canke ngo upimwe mugihe wegereye uwufise COVID-19, kiretse ufise ibimenyetso inyuma yo guhura (ivyo navyo biba gake).




CORONAVIRUS
UTAH.GOV

Gukingira abandi gushika abantu benshi bicandagishije:



Ambara agapfukamunwa kandi utandukane n'abandi mugihe wegeranye n'umuntu ataracandarwa kandi afise inzitizi nini z'indwara zikabije canke abana n'umuntu afise inzitizi nini.



Ambara agapfukamunwa kandi utandukane n'abandi mubibanza bihuriramwo abantu benshi gushika abantu benshi bicandagishije.



Irinde ahakoraniye abantu benshi hamwe n'amakoraniro. Ambara agapfukamunwa kandi utandukane n'abandi kenshi gashoboka nimba uri mabantu benshi.



Incanco za COVID-19 zimeze neza mugukingira indwara zikaze, kwinjira ibitaro, canke urupfu ruturutse kuri uwo mugera. Mugihe gito wumvise ibimenyetso nya COVID-19, utegerezwa kwipimisha.



Kurikiza amabwirizwa yo kwikingira atangwa n'abagwizatunga hamwe n'abatanga akazi bakubwira. Bashobora kuba bafise abakozi canke abakiriya bataricandagisha, canke bafise inzitizi nini z'indwara zikaze.



Mugihe ufashe urugendo, kurikiza ibisabwa vy'aho hantu uriko werekeza.